



## Règleman pou Itilizasyon Teknoloji MCSD



Règleman, pwosedir ak enfòmasyon ki nan dokiman sa a aplikab pou tout itilizasyon Teknoloji ansanm ak aksè nan Rezo a pou elèv Distri Lekòl Konte Monroe yo. Epiou, dokiman sa a aplikab pou nenpòt ak pou tout aparèy Administrasyon lekòl la konsidere ki antre nan kad règleman sa yo, kit yo itilize yo nan oswa andeyò lokal la yon fason vityèl.

Epiou, Elèv/Paran/Responsab Legal yo kapab gen aksè nan Règleman sa a anliy pa mwayen paj akèy distri a ak sit entènèt lekòl la.

# LIS SIJÈ YO

Règleman pou Itilizasyon Teknoloji Nimerik MCSD, *Kevin M. Walden prepare an Jiyè 2020 pou Distri Lekòl Konte Monroe (Monroe County School District)*

**Elektwonik ak Aparèy Pèsonèl** (paj 3)

**Règleman pou Itilizasyon ki Akseptab nan Konte Monroe** (paj 3-4)

**Itilizasyon ki Akseptab ak Sitwayènte Nimerik** (paj 4-7)

Aksè Entènèt pou Minè (paj 5)

Vyolasyon Règleman (paj 5)

Itilizasyon ki Akseptab (paj 5-6)

Konsekans Disiplinè (paj 6)

Materyèl ak Aksè (paj 6-7)

Aparèy Pèsonèl (paj 7)

Resevwa Aparèy Lekòl la Bay (paj 7)

Retounen Aparèy Lekòl la Bay (paj 7)

Fòmasyon (paj 7)

**SWEN KÒRÈK POU APARÈY OU A**

Prekosyon Jeneral (paj 8)

Pwoteksyon Aparèy la (paj 8)

Chaje (paj 8)

Enpresyon (paj 8-9)

Konekte nan yon Aparèy (paj 9)

Jere epi Anrejistre Travay Nimerik (paj 9)

**APARÈY TEKNIK/MATERYÈL SIPO**

Repare oswa Ranplase Aparèy ou a (paj 9)

Aparèy ki Pèdi/Volè (paj 9)

Lòt Sèvis (paj 9)

Estimasyon Depans pou Reparasyon/Ranplasman (paj 9-10)

Okenn Atant konsènan Konfidansyalite (paj 10)

Lojisyèl Siveyans (paj 10)

Filtè Kontni (paj 10)

Mizajou/Viris Pwoteksyon (paj 10)

Dispozitif Sipò Pedagojik (paj 10)

Deklarasyon Akize Resepsyon Paran/Elèv pou Aparèy Mobil MCSD (paj 10)

**Paj Akize Resepsyon konsènan Akò sou Aparèy Mobil Distri Lekòl Konte Monroe a (paj 11)**

## **APARÈY ELEKTWONIK PÈSONÈL**

Yon aparèy kominikasyon elektwonik (ECD) se yon teknoloji ki kapab voye oswa resevwa mesaj atravè yon rezo oswa yon sistèm jesyon aprantisaj (LMS). Se a kapab, pami lòt bagay, yon telefòn pòtab, yon iPad oswa laptop. Tout ECD yo, kit se Distri Lekòl Konte Monroe, elèv la, oswa nenpòt lòt moun ki mèt yo, dwe respekte règ ak règleman Distri Lekòl Monroe a si yo twouve yo sou pwopriyete lekòl la oswa si yo ap itilize rezo MCSD a nan lokal la epi andeyò, yon fason vityèl. Reference MCSD School Board Neola Policies 5136.01,7530.02 ans 7542.

Nou otorize itilizasyon telefòn selilè ak lòt aparèy elektwonik pèsonèl anvan epi apre lekòl, men, sèlman sou lakou lekòl la. Nou entèdi itilizasyon aparèy sa yo nan sal klas epi pandan lòt lè nan jounen lekòl a, sof pou yon objektif edikatif oswa si administrasyon an apwouve itilizasyon an. Vyolasyon règ sa a ap lakoz nou sezi aparèy la. Nou ap kenbe aparèy nou sezi a rive jis nan demen, oswa jiskaske paran oswa responsab legal la kapab vin pran li nan moman li vle a. **Si yon elèv refize bay yon manm nan pèsonèl la telefòn selilè oswa lòt aparèy elektwonik li nan ka yon vyolasyon, sa reprezante yon ka ensibòdinasyon.** Si yo fè foto epi itilize foto yo pou entimide, anbarase oswa fè pèsekisyon sou yon moun (manm pèsonèl, elèv, oswa lòt moun) nan lekòl la, oswa si yo itilize yo kòm yon mwayen pou triche nan sal klas la, konsekans yo kapab soti nan sezi telefòn nan rive nan sispann moun nan, ak posiblite pou kontakte fòs delòd yo nan ka vyolasyon vi prive. Lè yo itilize telefòn selilè epi/oswa aparèy elektwonik pou pran epi/oswa pwodui yon dokiman vizyèl konsènan yon vyolasyon Kòd Konpòtman MCSD a, sa kapab lakoz nou sispann oswa mete elèv ki konsène a (yo) deyò, epi mande entèvansyon lapolis. Si itilizasyon telefòn selilè yo pa fèt fason nou preskri a oswa yo itilize yo yon fason ki ilegal tankou jan sa ekri nan de (2) deklarasyon ki vin anvan an, nou ap entèdi elèv ki te vyole itilizasyon an gen aksè konplè avèk telefòn lan nan bilding nan. Tou elèv MCSD yo ap gen aksè avèk yon aparèy lekòl la bay nan objektif enstriksyon, pou yo itilize nan lokal la.

### **Distri Lekòl Konte Monroe**

#### **Règleman Itilizasyon ki Akseptab pou Rezo Kominikasyon**

Se yon règleman jeneral pou yo itilize enstalasyon rezo Distri Lekòl Konte Monroe yo (sètadi òdinatè, kourye elektwonik, konferans, tablo afichaj, baz done, epi aksè nan Entènèt yo), nou refere antanke "rezo telekominikasyon an", yon fason ki responsab, efikas, etik epi legal, an konfòmite avèk misyon Konsèy Distri Lekòl Konte Monroe a epi Règleman 7540 ak 7542 Konsèy la. Nou te etabli liy direktif ki vin apre yo pou tout moun ki ap itilize rezo a. Lè yon moun pa respekte liy direktif sa yo, sa kapab lakoz li pèdi aksè nan rezo a oswa nou ap pran lòt mezi disiplinè kont li.

#### **Enfòmasyon Piblik**

Yo pa dwe janm konsidere kominikasyon ak dokiman elektwonik yo kòm bagay ki konplètman prive. Konsèy Distri Lekòl Konte Monroe a respekte Lwa Florida yo konsènan aksè nan enfòmasyon piblik. Nan ka sa a, tout mesaj ak dokiman elektwonik yo gen rapò ak domèn piblik. Pa egzanp: tout imèl, fichye ak dokiman ki anrejistre sou òdinatè oswa rezo distri a.

#### **Itilizasyon ki Akseptab konsènan Rezo LMS/Entènèt/Imèl**

- Patisipe nan aktivite ki soutni aprantisaj ak ansèyman nan kad enstriksyon ak rechèch Lekòl Konte Monroe yo.
- Patisipe nan konferans elektwonik/vityèl, tablo afichaj, imèl, baz done, ansanm ak aksè nan Entènèt pou soutni pwogram etid la.
- Elèv yo dwe respekte lòt moun ki ap itilize rezo a. Pèsekisyon sou entènèt se yon konpòtman ki ilegal.
- Elèv yo dwe itilize yon langaj ki apwopriye pou sitiyasyon akademik yo epi yo pa dwe itilize langaj oswa imaj vilgè oswa ki gen betiz, san wete sa ki vilgè epi/oswa blasfematwa yon fason enplisit.

- Elèv yo dwe rapòte immedyatman nenpòt pwoblèm sekirite oswa nenpòt vyolasyon responsabilite sa yo, bay pwofesè ki ap sipèvizè a.
- Elèv yo dwe respekte lwa konsènan dwadotè ak règ ki gen rapò ak plajya, lè yo sou entènèt.

### **Itilizasyon ki pa Akseptab konsènan Rezo LMS/Entènèt/Imèl**

- Itilizasyon yon langaj ki grosye, ki abizif oswa ki chokan, oswa voye epi afiche mesaj oswa imaj ki endesan. Nou p ap tolere asèlman seksyèl, diskriminasyon sou kèlkeswa fòm nan ki lye avèk laj, sèks, relijyon, ras, oswa ki fè referans ak dwòg, zam oswa vyolans.
- Itilize rezo a yon fason ki vyole lwa federal, Eta a, oswa lokal yo, san wete itilize resous rezo yo pou komèt yon fo enstriman, oswa pou kreye yon fo enstriman.
- Minè ki gen aksè nan kontni ki pa apwopriye sou Entènèt ak World Wide Web la, san wete pibliye enfòmasyon ki pèsonel pandan itilizasyon kourye elektwonik, salon diskisyon, ak lòt fòm kominikasyon elektwonik dirèk.
- Aktivite ki lakoz rezo a chaje twòp oswa ki entèfere sou kèlkeswa fòm nan avèk travay lòt moun (sètadi chèn lèt, blog, kat swè miltimedya yo, aryèplan imèl yo, amelyorasyon epi atik papètri yo).
- Itilize kominikasyon rezo a nan objektif komèsyal oswa pou kesyon finansye.
- Voye, resevwa, oswa kopye dokiman ki pwoteje avèk dwadotè san otorizasyon otè a.
- Aksè ki pa otorize nan resous, pwogram, oswa done lòt moun.
- Pibliye, itilize epi difize enfòmasyon pèsonel konsènan minè, san otorizasyon.
- Falsifye idantite lòt moun pandan ap itilize rezo a.
- Enstalasyon lojisyèl ki pa otorize sou òdinatè ki nan rezo a.
- Elèv yo pa dwe degrade oswa deranje sèvis oswa ekipman rezo Entènèt la yon fason entansyonèl. Ladan li gen, san se pa sa sèlman, falsifye materyèl oswa lojisyèl enfòmàtik, vandalize done, envoke viris enfòmàtik, eseye gen aksè nan sèvis rezo ki gen restriksyon oswa ki pa otorize, redirije paj entènèt lekòl la yon fason ki pa otorize oswa vyole lwa sou dwadotè yo. Vandalize resous rezo a, san wete telechaje oswa kreye viris enfòmàtik.
- Itilize sèvis kourye elektwonik deyò tankou GMAIL, Yahoo Mail, elatriye, nan rezo nou an.
- Mesaj enstantane oswa sèvis VOIP.
- Enstalasyon lojisyèl ki pa otorize sou òdinatè ki nan rezo a.
- Elèv yo pa dwe itilize sit ki evite pwoksi (sit ki pèmèt itilizatè a kontoune filtè Entènèt distri a) oswa lòt sit ki endike antanke bloke. Lè yon moun itilize sit sa yo, li vyole kontra sa a epi sa kapab lakoz li pèdi
- Aksè nan entènèt la epi/oswa yo pran lòt mezi disiplinè kont li.
- Falsifye idantite lòt moun pandan ap itilize rezo a.
- Elèv yo pa dwe pataje idantifyan ak modpas itilizatè yo.
- Elèv yo pa dwe bay enfòmasyon pèsonel sou yo menm oswa sou kote yo abite.
- Elèv yo pa kapab gen aksè avèk Founisè Sèvis Entènèt oswa sèvis imèl òganizasyon piblik bay.
- Elèv yo pa dwe atache oswa transfere medya apati yon aparèy estokaj pèsonel nan materyèl distri a san otorizasyon yon manm pèsonel ki apwopriye.
- Elèv yo pa dwe itilize rezo a yon fason ki pa konpatib avèk enstriksyon anseyan yo oswa lòt manm pèsonel yo.

### **Itilizasyon ki Akseptab ak Sitwayènte Nimerik**

Yo dwe itilize aparèy lekòl la bay yo sèlman pou objektif edikatif epi, nan nenpòt moman, elèv yo dwe konfòme yo avèk Itilizasyon ki Akseptab pou Teknoloji ak tout pwosedi administratif ki koresponn avèk li yo.

Elèv yo ap enskri epi travay sèlman sou aplikasyon anseyan yo a, epi Monroe County School District la atribye epi apwouve. Elèv yo dwe **TOUJOU** itilize kont keysstudents.net Lekòl Konte Monroe yo a lè yo ap konekte sou chrome book yo.

Se sèlman pou aktivite ki gen rapò ak sal klas la yo dwe itilize Aksè Entènèt Lekòl Konte Monroe a. Règleman sa a aplikab pandan itilizasyon ekipman eskolè yo oswa ekipman pèsonel yo sou rezo distri a. Itilize yon òdinatè pa yon bagay prive epi distri a siveye tout aktivite ki fèt sou sistèm kominikasyon rezo a epi sou aparèy distri a bay yo.

Elèv ki ap itilize Entènèt yo dwe suiv tout lwa, règleman, ak règ ki konsène òdinatè yo. Ladan yo gen (san se pa sa sèlman) lwa sou dwadotè, dwa moun ki pibliye lojisyèl yo, kontra lisans yo, zak teworis, agresyon, menas, epi dwa sou vi prive elèv. Elèv yo ap resevwa yon fòmasyon, ki ap kontinye, konsènan Sekirite sou Entènèt ak pwotokòl klas vityèl yo.

Lè elèv yo ap travay nan yon anviwònman nimerik epi kolaboratif, yo dwe toujou konpòte yo antanke bon sitwayen nimerik lè yo suiv prensip ki vin apre yo:

1. **Respekte Tèt Ou:** Mwen ap montre respè pou tèt mwen grasa aksyon mwen. Mwen ap chwazi non anliy ki apwopriye. Mwen ap pran prekosyon avèk enfòmasyon, imaj, ak lòt medya mwen poste anliy yo. Mwen ap pran san mwen pou konsidere ki enfòmasyon pèsonèl mwen ap poste sou lavi, eksperyans, oswa relasyon mwen. Mwen p ap montre mwen chokan. Mwen ap aji avèk entegrite.
2. **Pwoteje Tèt Ou:** Mwen ap asire m enfòmasyon, imaj, ak dokiman mwen ap poste anliy yo pa mete mwen an danje. Mwen p ap pibliye done pèsonèl, detay sou kontak, oswa yon kalandriye konsènan aktivite mwen yo. Mwen ap rapòte nenpòt atak oswa konpòtman ki pa apwopriye mwen sibi anliy. Mwen ap pwoteje modpas, kont, ak resous yo.
3. **Respekte Lòt Moun:** Mwen ap demontre respè pou lòt moun. Mwen p ap itilize medya elektwonik pou kontrarye, entimide, fè asèlman oswa trake lòt moun. Mwen ap demontre respè pou lòt moun nan chwa sit entènèt mwen yo: Mwen p ap ale sou sit ki degradan pou lòt moun, sou sit pònografi, rasis oswa ki pa apwopriye.
4. **Pwoteje Lòt Moun:** Mwen ap pwoteje lòt moun, lè mwen rapòte abi ak lè mwen pa transmèt dokiman oswa kominikasyon ki pa apwopriye. Mwen ap evite dokiman ak konvèsasyon ki pa akseptab.
5. **Respekte Pwopriyete Entèlektyèl:** Mwen ap mande otorizasyon pou itilize dokiman oswa lòt bagay ki pwoteje avèk dwadotè. Yon fason ki apwopriye, mwen ap site tout itilizasyon sit entènèt, liv, medya, elatriye. Mwen ap rekonèt tout premye sous yo. Mwen ap valide enfòmasyon yo. Mwen ap itilize epi respekte règ itilizasyon ki ekite yo.
6. **Pwoteje Pwopriyete Entèlektyèl:** Mwen ap mande otorizasyon pou itilize lojisyèl ak medya lòt moun pwodui. Mwen ap achte, jwenn lisans, epi anrejistre tout lojisyèl oswa mwen ap itilize lòt posibilite ki disponib epi gratis olye mwen pirate lojisyèl. Mwen ap achte mizik ak medya mwen yo epi mwen ap evite distribye yo yon fason ki vyole lisans yo.

### **Aksè Entènèt pou Minè (elèv ki poko gen 18 lane) oswa pou Granmoun (ki gen plis pase 18 lane)**

Minè oswa granmoun yo dwe:

1. Pa gen aksè nan materyèl ki degradan, nan pònografi, bagay ki chokan pou minè, oswa ki pa apwopriye pou edikasyon.
2. Pa itilize teknoloji oswa resous Entènèt Lekòl Konte Monroe yo pou patisipe nan pirataj oswa pou eseye konpwomèt sekirite yon òdinatè oswa yon sistèm rezo.
3. Pa angaje nan aktivite ilegal sou Entènèt.
4. Itilize kourye elektwonik, sit rezo sosyal ak lòt fòm kominikasyon dirèk yo sèlman pou objektif ki gen rapò ak edikasyon nan kad yon asiyasyon oswa aktivite ki lye avèk Lekòl Piblik Konte Monroe.
5. Pa eseye pase sou oswa kontoune okenn mezi pwoteksyon Lekòl Piblik Konte Monroe mete anplas pou bloke epi/oswa filtre aksè nan Sit Entènèt ki pa an konfòmite avèk règleman distri a.
6. Minè yo (timoun ki poko gen 18tan) pa dwe pibliye enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl sou Entènèt.

### **Vyolasyon Règleman**

Nenpòt vyolasyon konsènan règleman sa a kapab lakoz elèv/granmoun ki enplike a pèdi aksè nan Entènèt. Nou kapab pran lòt mezi disiplinè an konfòmite avèk règleman ki egziste deja nan Lekòl Piblik Konte Monroe yo, san wete lwa Eta a ak lwa federal ki aplikab yo.

Elèv yo gen otorizasyon pou gen aksè nan Entènèt anba direksyon yon pwofesè, kou pwofesè yo resevwa fòm Siyati Règleman Itilizasyon ki Akseptab Paran yo te resevwa lè yo te enskri timoun yo.

### **Itilizasyon ki Akseptab**

- Nou ret kwè aksè nan Entènèt se yon resous edikatif ki enpòtan pou elèv nou yo.
- Nou egzije yon itilizasyon ki efikas, etik, sivilize epi legal konsènan ekipman, òdinatè, ak resous rezo yo.
  - Kòm mezi sekirite, yo pa dwe bay non konplè oswa adrès yo anliy.

- Nou entèdi moun pataje kont endividyèl.
- Nou pa garanti kourye elektwonik (imèl) ak lòt itilizasyon oswa estokaj enfòmatrik yo kòm bagay prive oswa konfidansyèl. Rezo oswa lòt itilizasyon òdinatè oswa zòn estokaj yo se pwopriyete lekòl la epi nou ap trete yo konsa. Manm pèsonèl distri a kapab gen aksè epi egzamine òdinatè, fichye ak kominikasyon yo epi lòt moun ki ap itilize òdinatè yo kapab gen aksè ak yo.
- Nou entèdi moun vandalize oswa fè "pirataj" sou kèlkeswa fòm nan.
- Yo dwe respekte sekirite sistèm nan ak dwa lòt itilizatè yo nan tout moman.
- Nou ap trete elèv oswa manm pèsonèl ki chwazi vyole tèm ki nan kontra a an konfòmite avèk règleman disiplinè ki genyen nan chak etablisman eskolè, ak nan Lekòl Piblik Konte Monroe epi/oswa otorite sivil yo.
  - Aktivite sa yo kapab lakoz nou bloke kont/aksè yo a epi/oswa mete yo deyò nan lekòl la ak/oswa pousuit jidisyè.

### Vi Prive ak Sekirite

- Pa patisipe nan okenn salon diskisyon eksepte sa pwofesè w la mete anplas yo oswa sa yo enpoze nan kad lòt kou adistans yo.
- Pa ouvri, itilize, oswa modifye fichye enfòmatrik ki pa pou ou yo.
- Pa bay non konplè, nimewo telefòn, adrès kay, nimewo sekirite sosyal, nimewo kat kredi, modpas ou, oswa modpas lòt moun.
- Sonje sa, nou pa garanti estokaj nan rezo a kòm bagay prive oswa konfidansyèl. Administrasyon Distri a gen dwa pou enspekte fichye w yo nenpòt lè, epi yo ap pran mezi ki nesèsè si fichye yo vyole règleman itilizasyon ki Akseptab nan distri a.
- Si w gen aksè, san w pa fè ekspresè, sou yon sit entènèt ki gen materyèl ki chokan, pònografi, oswa lòt bagay ki degradan, fè yon pwofesè oswa direktè a konn sa san pèdi tan yon fason pou yo bloke aksè sou sit sa yo. Se pa yon senp demann, se yon responsab.ite.

### Pwopriyete Legal

- Tout elèv ak manm pèsonèl yo dwe respekte lwa sou mak epi dwadotè yo ansanm ak tout kontra lisans yo. Fèmen je sou lwa a pa yon iminite. Si w gen dout, mande Direktè Sèvis Medya yo oswa Direktè Teknoloji a si w an konfòmite avèk lwa a.
- Plajya (kopye) se yon vyolasyon sou kòd konpòtman Lekòl Konte Monroe yo. Mansyone tout sous ou itilize yo, kit se sitasyon oswa rezime. Pami yo gen fòm medya sou Entènèt yo, tankou grafik, videyo, mizik, ak tèks yo.
- Pa konsidere kourye elektwonik, itilizasyon rezo, ak tout fichye ki estoke yo kòm bagay ki konfidansyèl, epi Depatman IT (Enfòmatrik) MCSD a kapab kontwòle yo nan nenpòt moman pou verifye itilizasyon ki apwopriye. Distri Lekòl Piblik Konte Monroe ap kolabore konplètman avèk otorite lokal, Eta a, epi federal yo nan kad nenpòt ankèt yo ap mennen konsènan oswa ki gen rapò ak vyolasyon lwa sou krim enfòmatrik yo.

### Imèl

- Elèv ki bezwen yon imèl pou rezon akademik yo ap kapab gen aksè sèlman grasa yon adrès distri a bay, @keysstudents.net. Aksè nan imèl sa a ap fèt grasa yon sistèm Google Gmail Distri Lekòl Konte Monroe ap jere. Depatman IT MCSD a ap kontwòle sistèm mesajri elektwonik sa a epi yo ap enspekte epi filtre tout mesaj elèv yo voye oswa resevwa pou kesyon kontni ki pa apwopriye.
- **Elèv yo ap sèlman kapab resevwa epi transmèt imèl entèn sou platfòm Keysstudents.net la.**
- Pa transmèt langaj/dokiman ki pwofàn, chokan, degradan oswa ofanse pou lòt moun.
- Pa voye anpil imèl, lèt an chèn, oswa spam.
- Pa dwe gen okenn tchat prive pandan kou yo san otorizasyon.

### Konsekans Disiplinè

- Elèv oswa manm pèsonèl yo bay yon kont sistèm epi/oswa materyèl enfòmatrik nan non li, gen responsab.ite pou itilize yo yon fason ki apwopriye nan nenpòt moman. Si itilizatè a pa respekte règleman itilizasyon ki akseptab nan distri a, sa ap lakoz nou pran mezi disiplinè kont li, an konfòmite avèk kòd konduit elèv la ak/oswa lòt règleman nan lekòl la, sof si gen prèv ki montre se yon lòt moun ki responsab.

### Materyèl ak Aksè

- Distri Lekòl Konte Monroe (Monroe County School District, MCSD) bay tout elèv yo materyèl enfòmatrik, soti nan klas Matènèl (Pre-K) rive nan Tèminal (Grade 12) (tout elèv yo), pou itilize pandan ane eskolè a nan tout kontèks ansèyman yo. Sou baz [liv direktif CDC](#) konsènan pataj materyèl yo, tout elèv yo gen aksè avèk yon aparèy lekòl la bay pou itilize nan yon anviwònman fasafas, miks epi vityèl.
- Nan yon anviwònman fasafas tradisyonèl, se direksyon chak etablisman eskolè ki ap detèmine règleman elèv Matènèl rive nan 5<sup>yèm</sup> Klas nan kesyon materyèl pou pote lakay yo, epi elèv 6-12 zan yo ap gen aksè nan aparèy pou pote lakay yo chak swa.

- Nan ka kote yo bay yon modèl ansèyman ki mik, si sa nesèsè, kèk elèv ap gen aksè pou pote aparèy la lakay yo chak swa oswa pandan lekòl fèmèn.
- Gen **obligasyon** pou itilize aparèy distri eskolè a bay yo nan anviwònman kanpis la.
- Elèv ki pa vle pote aparèy lekòl la bay la lakay yo, kapab enstale yo nan yon lokal santralize chak etablisman ap detèmine.

### Aparèy pèsònèl

- Nou kapab otorize/apwouve itilizasyon aparèy pèsònèl yo epi itilizasyon aparèy sa yo ap respekte menm règleman ak règleman itilizasyon ki akseptab ak aparèy lekòl la bay yo. Elèv yo dwe konprann si yo deside itilize aparèy pèsònèl yo sou pwopriyete lekòl la, aparèy la dwe respekte tout règleman ki an vigè yo, san wete dwa manm pèsònèl lekòl la genyen pou kontwòl/gen aksè avèk sa elèv la ap fè sou aparèy la, sou demann. Lekòl la pa angaje li pou okenn responsab nan ka kote yo vòlè oswa andomaje nenpòt aparèy yon elèv, si elèv la chwazi itilize aparèy la nan lokal la nan plas aparèy distri a bay la.
- Wifi ak aksè nan rezo a pou elèv yo ap disponib sèlman pa mwayen LMS distri a.
- Elèv yo ap konekte sou aparèy yo grasa Google Apps pou Edikasyon lekòl la bay yo a **kont (firstintitallastname@keysstudents.net). Modpas la se 44(lunch number)0**

### Resevwa Aparèy Lekòl la Bay la

- **Règleman Kontra Paran/Responsab Legal epi Elèv la**  
Tout paran/responsab legal ak elèv yo gen obligasyon pou siyen paj **Akize Resepsyon Kontra pou Aparèy Mobil** la.
- **Distribisyon: Elèv ki Transfere/Nouvo Elèv**  
Elèv aktyèl yo, ansanm ak tout elèv ki transfere/nouvo ap resevwa aparèy yo a ak periferik ki konekte avèk li yo an konfòmite avèk pwotokòl distribisyon etablisman eskolè a. Siyati elèv ak paran yo ki nan paj **Akize Resepsyon Kontra pou Aparèy Mobil** la ap sèvi kòm bagay ki montre yo rekonèt règleman sa yo epi yo te resevwa aparèy lekòl la bay la.

### Remèt Aparèy Lekòl la Bay la

- **Fen Ane**  
Nan fen ane lekòl la oswa nan nenpòt moman pandan yon verifikasyon, si administrasyon lekòl la mande sa, elèv yo te bay yon aparèy endividyèl ap remèt aparèy lekòl la te bay la ansanm ak tout periferik yo te bay yo, sou baz règleman byen presi lekòl la genyen pou remèt yo a.
- **Elèv ki Transfere/Kite**  
Elèv ki transfere oswa ki kite lekòl la dwe remèt aparèy lekòl la te ba yo a nan dènye jou prezans yo nan lekòl la.

Si yo pa remèt aparèy la lè lekòl la mande sa, elèv/paran an dwe peye valè ranplasman total pou aparèy la. Nou kapab mande yon ranbousman pou amand ak frè elèv ki kite Distri Lekòl Konte Monroe pa peye yo.

### Frè pou Reparasyon ak Ranplasman Ekipman

Elèv yo ak Paran yo ap pran tout responsab pou depans konsènan ranplasman ak reparasyon aparèy lekòl la bay yo. Règleman aktyèl distri a konsènan ti liv lekòl elèv la ap aplikab pou tout aparèy yo tou.

### Fòmasyon

Elèv yo ap resevwa fòmasyon pandan jounen eskolè nòmal yo epi pandan kèk sikonstans akòz kanpis la fèmèn oswa akòz yon anviwònman aprantisaj ki mik.

- Antretyen ak itilizasyon aparèy lekòl la ba yo a.
- Itilizasyon Google Apps yo a pou edikasyon (kont keysstudents.net).
- Navige sou platfòm LMS distri a
- Fòmasyon nan sitwayènte nimerik pou abòde kesyon itilize Entènèt ak zouti nimerik yo avèk respè, yon fason responsab epi etik.

## Itilizasyon Kòrèk pou Aparèy Ou a

Elèv yo gen responsabiltè pou fè mentnans jeneral nan aparèy yo ak aparèy periferik lekòl la bay yo. Yo dwe remèt pwofèsè a Aparèy/Pad lekòl la bay ki kraze oswa ki pa fonksyone byen yo. Si gen yon aparèy ki disponib pou prete, yo ap bay elèv la aparèy la jiskaske aparèy pa li a kapab repara oswa ranplase. Tout règleman ak kontra yo ap aplike pou aparèy yo prete a tou.

### Prekosyon Jeneral

- Nou pa dwe jwenn okenn manje oswa bwason toupre yon aparèy yo ap itilize.
- Yo dwe antre kòdon, kab ak dispozitif estokaj amovib yo nan aparèy la avèk prekosyon, epi retire yo kòrèkteman.
- Elèv yo dwe gen asirans aparèy yo a estoke (lekòl/lakay), epi yo pote yo (lekòl/lakay) yon fason ki sekirize epi apwopriye pou diminye risk pou yo andomaje.
- Yo pa dwe itilize oswa estoke aparèy yo pote lakay yo a toupre bèt kay.
- Yo dwe sekirize aparèy yo ale lakay yo toutan, yo pa dwe kite yo nan machin oswa ekspozè yo nan faktè anviwònman, tankou tanperati ekstrèm oswa limyè solèy la dirèkteman, ki kapab andomaje yo.
- Si aparèy la ekspozè nan yon chalè ekstrèm, ou dwe mete li nan tanperati nòmal anvan ou limen li.
- Se sèlman elèv yo bay aparèy la ki dwe itilize aparèy yo ba li a. Elèv yo pa kapab prete oswa pataje aparèy yo a ak lòt elèv.
- Tout aparèy yo pa dwe gen ekriti dekoratif, desen, otokolan, penti, riban adezif, oswa etikèt sou yo, ki pa pwopriyete Lekòl Piblik Konte Monroe yo.

### Pwoteksyon Aparèy

- Elèv yo dwe konsève aparèy lekòl la bay yo yon kote ki sekirize lè aparèy la pa nan men yo. Yo **PA KAPAB** kite aparèy yo anndan oswa deyò sal klas yon pwofèsè, oswa kite yo san siveyans sou/deyò kanpis la.
- Si yo pa pran swen aparèy yo yon fason ki apwopriye, sa kapab lakoz gen domaj elèv/paran an ap responsab.

### Swen pou Ekran Aparèy la

- Ekran an kapab andomaje si gen bagay lou ki frape li, si yo trete li yon fason brutal, si gen kèk pwodui netwayaj ak lòt likid ki tonbe sou li. Ekran yo sitou sansib avèk yon seri domaj, yon twò gwo presyon lakoz.
- Kalite aparèy tankou òdinatè pòtab/tablet; asire w pa gen anyen sou klavye a anvan w fèmen kouvèti a (plim, kreyon, disk, elatriye).
- Netwaye ekran an sèlman avèk yon chiffon an mikwofib ki swa, **seche**, oswa yon chiffon anti estatik.

### Chaje

- Elèv yo gen responsabiltè pou asire yo aparèy la chaje yon fason ki kòrèk epi yo pare pou itilize li sou plas.
- Elèv yo gen responsabiltè pou asire yo aparèy yo a ploge yon fason ki kòrèk nan priz chajman yo ba yo a, an konfòmite avèk pwotokòl chajman pwofèsè yo a, lè li disponib pandan jounen eskolè a oswa nan fen jounen an si yo pa ale lakay yo ak aparèy la.
- Elèv yo dwe pote aparèy yo te prete oswa aparèy yo te retire nan zòn kote yo te asiyen yo a, tounen nan zòn kote yo te ye a. Pwofèsè yo gen responsabiltè pou asire yo sa fèt.

### Si yon elèv pa pote aparèy li a nan klas la.

Nan ka kote yon elèv pa pote aparèy yo te ba li a pandan yon kou ki ap fèt fasafas, gen yon plan distribisyon pou prete aparèy, ki anplas nan chak etablisman.

- Elèv yo dwe pote yon aparèy yo prete retounen nan pwen distribisyon chak sit anvan elèv la kite lekòl la, sof si yo ap fè reparasyon/sèvis nan aparèy la. Elèv la gen 24 èdtan apati dat kote li te pran aparèy li prete a, pou pote li retounen, si se pa sa, yo kapab pran mezi disiplinè kont li, ansanm ak sa ki lye ak Règleman pou Aparèy ki Pèdi/yo Volè yo.

### Enprime

- Elèv yo ap jwenn ankourajman pou fè piblikasyon nimerik epi pou pataje travay yo avèk pwofèsè epi kamarad yo, lè sa apwopriye.



- Chromebooks yo **PAP** konfigire pou enpresyon nan lekòl la, sof si manm pèsònèl lekòl la te pran dispoziyon espesyal pou sa.
- Elèv ki gen enprimant ki konpatib lakay yo, kapab konfigire enprimant ki lakay yo a avèk solisyon Google Cloud Print lan pou enprime apati Chromebooks yo a lakay yo. Nou kapab jwenn enfòmasyon sou Google Cloud Print la a: <http://www.google.com/cloudprint/learn>. **Pwofèsè yo ap fè elèv yo konnen atant/pwotokòl endividyèl yo genyen pou travay ki enprime yo.**

### **Konekte nan yon Aparèy**

- Elèv yo ap konekte sou Aparèy/LMS yo a grasa kont Google Apps for Education lekòl la ba yo a **(firstintitallastname@keysstudents.net). Modpas la se 44(lunch number)0**
- Epitou, elèv yo kapab itilize lektè Quick Card QR la pou konekte sou aparèy distri a. Manm pèsònèl lekòl la ap bay elèv ki konsène yo enfòmasyon ki nesèsè pou itilize pwotokòl koneksyon sa a.
- Elèv yo pa dwe janm bay lòt moun modpas kont yo a. Nan ka kote gen yon kont ki konpwomi, Depatman IT Monroe County Schools la gen dwa pou dezaktive kont ou an.
- Yonfwa elèv yo fin konekte, yo ap gen aksè avèk tout aplikasyon epi tout pwogram distri a grasa Classlink.

### **Jere epi Anrejistre Travay Nimerik**

- Elèv yo ap itilize sistèm jesyon aprantisaj distri a apwouve a, sètadi Google Apps For Education/Canvas, pou kreye dokiman, jere, epi pataje travay, aktivite ak korespondans elèv yo.
- Epitou, elèv yo ap itilize sistèm jesyon aprantisaj distri a, Classlink, elatriye, lakay yo ak nan lòt lokal ki andeyò lekòl la pou fasilite kesyon aprantisaj la.
- Nou kapab gen aksè avèk kont Google Apps for Education yo sou entènèt apati nenpòt aparèy, lè nou ale sou <https://drive.google.com/drive/my-drive>. apati navigatè chrome nan oswa ale sou classlink.
- Elèv yo gen obligasyon pou respekte Règleman Itilizasyon Teknoloji Lekòl Konte Monroe yo a, Pwosedi Administratif yo, Kontra Itilizasyon ki Akseptab la, ak tout lòt liy direktif ki nan dokiman sa a lè yo ap itilize kont Classlink/Google yo a nan lekòl la oswa lakay yo.

## **Aparèy Teknik/Materyèl Sipò**

### **Repare oswa Ranplase Aparèy ou a**

Se depatman IT lekòl la ki ap premye pwen kontak pou fè reparasyon nan aparèy distri a. Yo dwe atire atansyon pwofèsè a sou tout aparèy ki nesèsite reparasyon kou sa posib. Yo dwe rapòte nenpòt pwoblèm materyèl oswa lojisyèl aparèy la genyen kou sa posib, yon fason pou kapab soumèt yon demann Éd.

### **Aparèy yo Bay Elèv yo ki Ankou Reparasyon**

- Yo kapab prete elèv yo yon seri aparèy lè yo kite Aparèy lekòl la ba yo a pou reparasyon.
- Elèv yo dwe suiv pwotokòl ki an vigè nan lekòl yo a pou rapòte domaj epi pou soumèt yon aparèy ki nesèsite reparasyon.
- Yon elèv ki prete yon aparèy dwe konnen akò li menm ak paran li an siyen an aplikab pou aparèy li prete a tou.
- Si yo dwe remèt elèv la aparèy ki repare a, manm pèsònèl ki te fè reparasyon a ap fè li konn sa.
- Si yo pa kapab repare yon aparèy elèv la andomaje, manm pèsònèl lekòl la ap fè elèv/paran an konn sa epi li ap fè yo sonje responsabilite yo genyen, jan sa parèt nan dokiman sa a.

### **Aparèy ki Pèdi/Volè**

- Elèv/paran yo gen obligasyon pou rapòte nenpòt bagay ki pèdi/volè, bay lekòl la ak otorite ki konsène yo. Elèv/paran yo gen responsabilite pou peye nenpòt depans ranplasman ki baze sou valè ranplasman aparèy la.

### **Plis Sèvis**

- Idantifikasyon Modpas
- Sipò pou kont itilizatè
- Éd pou konfigire Sistèm Eksplwatasyon oswa lojisyèl
- Mizajou pou lojisyèl sistèm nan

**Estimasyon Depans (kapab gen chanjman)-Manm pèsònèl lekòl la ap fè paran/elèv yo konn depans ki enplike a apre menm pèsònèl depatman IT a fin egzamine sa. Depans pou Reparasyon/Ranplasman yo p ap depase valè ranplasman aparèy la.**

**Paran/Elèv yo kapab jwenn fakti pou tout depans ki fèt pou ranplase yon aparèy ki andomaje akòz yon move itilizasyon ki entansyonèl, yon abi ansanm ak lè aparèy la pèdi/yo vòlè li.**

### **Sistèm Eksplwatasyon ak Sekirite**

Elèv yo pa kapab itilize oswa enstale okenn sistèm eksplwatasyon sou aparèy yo a eksepte vèsyon ChromeOS aktyèl distri a pran an chaj epi ap jere a.

### **Okenn Atant pou Konfidansyalite**

Elèv yo pa gen okenn atant nan kesyon konfidansyalite oswa respè vi prive pou sa ki gen rapò ak itilizasyon yon aparèy lekòl la bay oswa yon kont elèv, kit itilizasyon sa a lye avèk distri a, kit se pou bezwen pèsònèl, eksepte nan ka byen presi lalwa prevwa. Distri a kapab, san avètisman oswa konsantman, konnekte, sipèvize, gen aksè, egzamine, siveye epi anrejistre itilizasyon elèv yo nan nenpòt moman pou nenpòt rezon ki lye avèk fonksyonman distri a. Itilize aparèy distri a oswa gen aksè nan kont elèv yo konstitye yon akò pou kalite aksè, siveyans epi anrejistremman itilizasyon yo a.

### **Lojisyèl Siveyans**

Pwofesè, administratè eskolè, ak manm pèsònèl depatman teknoloji a kapab itilize yon lojisyèl siveyans tankou Hapara ki pèmèt yo wè ekran ak aktivite ki sou aparèy elèv yo tankou Chromebooks yo.

### **Filtè Kontni**

Distri a itilize yon filtè kontni Entènèt an konfòmite avèk lwa federal Children's Internet Protection Act (CIPA) a. Distri a ap pwoteje epi siveye aktivite Entènèt pou tout Chromebooks/lpad yo, kèlkeswa kote yo twouve yo a (anndan kou deyò lekòl la).

### **Mizajou/Pwoteksyon kont Viris**

- Se distri a ki ap jere mizajou pou lojisyèl ak sistèm eksplwatasyon yo, epi sa ap fèt otomatikman. Elèv yo pa bezwen mete aparèy yo a ajou manyèlman
- Li pa nesèsè pou yo enstale yon pwoteksyon anplis kont viris. Deja gen pwoteksyon kont viris ak firewalls. Se distri a ki ap jere yo pou tout aparèy elèv yo, ak aksè sou Entènèt pa mwayen kont elèv yo.

### **Dispozitif Sipò Pedagojik**

- Nou kapab jwenn sipò pedagojik pou elèv yo nan paj akèy distri a
- Pami sipò yo gen, san se pa sa sèlman: resous/titoryèl pwogram, liy asistans telefonik lekòl la, ak sipò videyo.

### **Paran:**

Lefètke mwen siyen akize resepsyon ki anba a, mwen deklare mwen te li règleman Distri a nan kesyon sistèm komunikasyon elektwonik ansanm ak règleman administratif yo. Epitou, mwen sètifye enfòmasyon ki nan fòm sa a kòrèk.

Lefètke w siyen dokiman sa a, ou afime li pa rezonab pou Distri Lekòl Konte Monroe kapab sipèvize timoun ou an dirèkteman pandan chak minit kote li sou òdinatè li a. Kidonk, ou aksepte lè yo pa siveye timoun ou an dirèkteman, li ap obeye tout règleman sou itilizasyon òdinatè lekòl la, ansanm ak lwa sivil epi kriminel yo. Si timoun ou an fè w konnen li resevwa mesaj enfòmasyon ki gen menas lanmò, blesi kòporèl oswa destriksyon pwopriyete, ou dakò pou rapòte evènman sa yo san pèdi tan bay fòs delòd yo ansanm ak Distri Lekòl Konte Monroe. Antanke paran/responsab legal timoun sa a, mwen konprann risk ki genyen lè mwen otorize timoun mwen an itilize Entènèt. Epitou, lefètke mwen siyen règleman sa a, mwen afime, pa mwayen dokiman sa a, distri eskolè a te fè yon efò rezonab pou fè mwen konn risk yo konnen ki kapab genyen nan kesyon itilize Entènèt, ansanm ak règ epi objektif lekòl la nan kesyon itilize Entènèt. Sou baz avi apwopriye sa a, mwen dakò pou pa mete responsabilite sou do Distri Lekòl Konte Monroe pou materyèl yo jwenn oswa pou kontak yo fè sou rezo a.

**Siyati Paran yo ak Elèv yo obligatwa sou paj Akize Resepsyon pou Kontra Teknolojik Distri Lekòl Konte Monroe a, yon fason pou pwouve elèv ki resevwa aparèy yo epi/oswa ki gen aksè nan rezo distri nou an ak nan sistèm jesyon aprantisaj (LMS) la, te resevwa epi egzamine dokiman sa a. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte lekòl timoun ou an.**